

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta gambaran panalungtikan anu dilaksanakeun pikeun maluruh data panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérимén. Nurutkeun Arikunto (2013) desain panalungtikan kuasi ékspérимén kabagi jadi tilu rupa desain panalungtikan, nya éta: 1) *one shoot case study*; 2) *one group pre-test and post-test design*; 3) *post-test only control group design*. Desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *one group pre-test and post-test design*, mangrupa desain panalungtikan anu mineng digunakeun dina panalungtikan. Dina ngagunakeun ieu desain panalungtikan, panalungtik kudu ngalakukeun ékspérимén nyaéta *pre-test* (saméméh) jeung *post-test* (sanggeus). *Pre-test* dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina ngadongéng. Sabada éta, dibéré perlakuan (*treatment*) kumaha larapna modél pangajaran *Think Pair and Share* dina ngadongéng. Di ahir panalungtikan, siswa dibéré deui pancén minangka *post-test* pikeun maluruh kumaha kamampuh siswa dina ngadongéng sanggeus ngalarapkeun modél pangajaran *Think Pair and Share*. Gambaran desain panalungtikan saperti ieu di handap.

**Tabel 3.1**

Desain Panalungtikan

*One Group Pre-Test and Post-Test*

O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>
----------------	---	----------------

(Arikunto, 2013)

**Keterangan :**

O<sub>1</sub> : Kamampuh ngadongéng saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share*

X : *Treatment* dilaksanakeun pangajaran ngagunakeun modél *Think Pair and Share*

O<sub>2</sub> : Kamampuh ngadongéng sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share*

### 3.2 Sumber Data

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMA Negeri 15 Bandung anu aya di Jl. Sarimanis I, Sarijadi, Kecamatan Sukasari, Kota Bandung, Jawa Barat. Anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas X IPS 1 SMA Negeri 15 Bandung Taun Pangajaran 2021-2022 anu dijéntrékeun saperti tabél di handap.

**Tabel 3.2**

Sumber Data

Kelas	Lalaki	Awéwé	Jumlah
X IPS 1	10	20	30

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2012) instrumén panalungtikan mangrupa hiji alat pikeun ngukur rupa-rupa kajadian anu ditalungtik sacara spésifik disebut variabel panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés.

Ieu tés sipatna aplikatif (penerapan) anu nungtut ngalarapkeun pangaweruh tioritis atawa kana kagiatan anu praktis tur konkrét pikeun ngumpulkeun data ngeunaan pangaruh larapna modél pangajaran *Think Pair and Share* dina ngadongéng. Instrumén dina ieu panalungtikan dijéntrékeun ieu di handap.

**Tabel 3.3**

Instrumén Tés Ngadongéng

#### Paréntah


Pék pilih salahiji dongéng ieu di handap, tuluy dongéngkeun ku hidep!

1. Gunung Tangkuban Parahu
2. Situ Bagendit
3. Sakadang Kuya & Sakadang Monyét Ngala Nangka

4. Kuya Ngagandong Imahna
5. Si Kabayan Ngala Nangka
6. Si Kabayan Ngala Tutut
7. Milih dongéng séjénna anu hidep apal

### 3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa sababaraha léngkah anu kudu dilaksanakeun ku panalungtik dina panalungtikan. Prosedur dina ieu panalungtikan téh ngagambarkeun sababaraha léngkah panalungtik dina métode kuasi ékspérimén kana modél pangajaran *Think Pair and Share* dina ngadongéng. Métode kuasi ékspérimén kawilang produktif sabab digunakeun pikeun ngajawab hipotésis anu geus dirumuskeun. Prosedur panalungtikan ditétélakeun saperti ieu di handap.



**Bagan 3.1**

Prosedur Panalungtikan

Dumasar kana bagan prosedur panalungtikan di luhur sababaraha léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nya éta ieu di handap.

- 1) Masalah anu karandapan dina pangajaran ngadongéng nyaéta saméméh diayakeunna ieu panalungtikan. Panalungtik ngalaksanakeun wawancara jeung salasahiji guru basa Sunda anu aya di SMA Negeri 15 Bandung ngeunaan masalah anu karandapan di kelas nalika nepikeun ngalaksanakeun praktik ngadongéng dina matéri ajar dongéng anu hususna di kelas X IPS 1 saluyu jeung kurikulum anu digunakeun nyaéta Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMA/SMK/MA (Tim pengembang Kurikulum Muatan Lokal, 2017).
- 2) Rumusan masalah anu katitén sanggeus ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar kana masalah anu aya jeung karandapan nyaéta dina kamampuh ngadongéng siswa kelas X IPS 1 SMA Negeri 15 Bandung taun ajaran 2021-2022.
- 3) Panalungtik ngayakeun studi pustaka dumasar kana masalah anu dirumuskeun saméméhna.
- 4) Ngarumuskeun hipotésis.
- 5) Ngarumuskeun instrumén naon anu luyu pikeun digunakeun dina ieu panalungtikan.
- 6) Ngumpulkeun data sanggeus manggihan masalah anu aya jeung karandapan di SMA Negeri 15 Bandung taun ajaran 2021-2022 hususna kelas X IPS 1. Téhnik anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data nyaéta ngagunakeun téhnik tés. Tés dilaksanakeun dua kali, di antarana *pre-test* nyaéta siswa ngadongéng saméméh ngalarapkeun modél pangajaran *Think Pair and Share* jeung *post-test* nyaéta siswa ngadongéng sanggeus ngalarapkeun modél pangajaran *Think Pair and Share*.
- 7) Analisis data panalungtik anu miboga tujuan pikeun nganalisis data kalawan cara ngagunakeun sababaraha rumus statistik dina *SPSS PASW versi 20*.
- 8) Nyusun laporan panalungtikan sanggeus tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, anu satuluyna panalungtik nyusun laporan panalungtikan.

### 3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik tés dina ngumpulkeun data. Misbahudin (2013) nétélakeun yén tés téh mangrupa sababaraha runtuyan patalékan anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh, kaparigelan, pangaweruh, jeung *intelelegensi*, ogé bakat anu aya dina diri séwang-séwangan atawa kelompok.

Tés minangka alat ukur pikeun mikanyaho éfektifitas modél pangajaran *Think Pair and Share* dina ngadongéng. Sababaraha léngkah anu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, di antatana.

- 1) Siswa dibéré tés awal anu mangrupa paréntah ngadongéng (*pre-test*). Ieu tés pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh dibéré *treatment* anu ngalarapkeun modél pangajaran *Think Pair and Share* dina ngadongéng.
- 2) Sanggeus mikanyaho hasil *pre-test*, panalungtik nataharkeun naon anu dibutuhkeun ku siswa nalika prosés diajar ngadongéng kalawan ngalarapkeun modél pangajaran *Think Pair and Share*.
- 3) Méré *treatment* ka siswa kalawan ngalarapkeun modél pangajaran *Think Pair and Share*.
- 4) Sanggeus dibéré *treatment*, siswa dibéré deui tés ahir anu mangrupa ngadongéng (*post-test*). Ieu tés pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus dibéré *treatment* anu ngalarapkeun modél pangajaran *Think Pair and Share* dina ngadongéng.

### 3.6 Analisis Data

Kagiatan nganalisis jeung ngolah data mangrupa cara anu digunakeun pikeun meunangkeun jawaban dina pasualan anu ditalungtik. Ngolah data miboga udagan pikeun mikanyaho hasil *pre-test* jeung *post-test*.

#### 3.6.1 Téhnik Analisis Data

Aya sababaraha léngkah nganalisis data dina ieu panalungtikan anu baris dijéntrékeun saperti ieu di handap.

**1. Mariksa Hasil Ngadongéng Siswa *Pre-test* (Saméméh) jeung *Post-test* (Sanggeus)**

Nalika mariksa hasil ngadongéng siswa, kudu aya pedoman pikeun méré peunteun. Aspék anu dijadikeun pedoman pikeun meunteun kana hasil ngadongéng siswa nyaéta dina aspék kabasaan jeung non kabasaan. Dina aspék kabasaan nyaéta lentong, diksi, jeung volume sora. Sedengkeun dina aspék non kabasaan nyaéta gestur jeung penghayatan.

**Tabel 3.4**

Kritéria Méré Skor Ngadongéng

No	Aspék Kamampuh Ngadongéng		Peunteun	Kritéria
	Kabasaan	Lentong	21-25	Cukup-Alus : merenah
			16-20	Sedeng-Cukup : kurang merenah
			10-15	Kurang-Sedeng : henteu merenah
	Diksi	21-25	Cukup-Alus : merenah dina ngagunakeun kecap, pilihan kecapna merenah, tapi teu mangaruhan ma'na	
			16-20	Sedeng-Cukup : kurang merenah dina ngagunakeun kecap, pilihan kecapna merenah, tapi teu mangaruhan ma'na
			10-15	Kurang-Sedeng : poténsi ngagunakeun kecap kawates, loba anu mangaruhan kana ma'na
		Volume Sora	11-15	Cukup-Alus : sora kadéngé

No	Aspek Kamampuh Ngadongéng		Peunteun	Kritéria
				jelas ku pamiarsa
			6-10	Sedeng-Cukup : sora kurang kadéngé jelas ku pamiarsa
			1-5	Kurang-Sedeng : sora teu kadéngé jelas ku pamiarsa
	Non Kabasaan	Géstur	16-20	Cukup-Alus : saluyu jeung eusi carita
			11-15	Sedeng-Cukup : kurang luyu jeung eusi carita
			6-10	Kurang-Sedeng : teu luyu jeung eusi carita
	Penghayatan	11-15	11-15	Cukup-Alus : ngarasakeun pisan kana eusi carita
			6-10	Sedeng-Cukup : kurang ngarasakeun kana eusi carita
		6-10	1-5	Kurang-Sedeng : henteu ngarasakeun kana eusi carita
			1-5	Kurang-Sedeng : henteu ngarasakeun kana eusi carita

(Haerudin, D & Suherman, 2013 kalawan diropéa)

## 2. Méré Peunteun Kana Hasil Ngadongéng Siswa, Pikeun Nangtukeun Skor Ahir

Pikeun meunteun kana hasil ngadongéng siswa diperlukeun skor ahir anu dumasar kana kritéria méré skor ngadongéng. Dina nangtukeun skor ahir nyaéta ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$\text{Peunteun} = \frac{\sum \text{skor nu kahontal}}{\sum \text{skor maksimal}} \times 100$$

Pikeun ngukur kamampuh ahir siswa dina ngadongéng diayakeun katégori penilaian. Katégori penilaian dijadikeun acuan ahir dina peunteun siswa kaasup

dina katégori tuntas jeung can tuntasna siswa dina ngadongéng. Di handap ieu ngajéntrékeun katégori penilaian dina kamampuh siswa.

**Katégori** = Peunteun > 75 siswa dianggap tuntas dina ngadongéng  
 Peunteun < 75 siswa dianggap can tuntas dina ngadongéng

### 3. Tabulasi Data

Peunteun ahir siswa ditabulasikeun dina tabél ieu di handap.

**Tabel 3.5**

Tabulasi Nilai Ngadongéng Siswa

No	No. Absen Siswa	Kamampuh Ngadongéng							Katégori
		A	B	C	D	E	$\Sigma$	P	
1									
2									
3									
....									
$\Sigma$									
Rata-rata									

Keterangan:

A = Lentong

B = Diksi

C = Volume Sora

D = Géstur

E = Penghayatan

$\Sigma$  = Jumlah

P = Peunteun

Katégori = Peunteun > 75 siswa dianggap tuntas dina ngadongéng

Peunteun < 75 siswa dianggap can tuntas dina ngadongéng

#### 4. Nganalisis Kamampuh Ngadongéng Siswa Saméméh jeung Sanggeus Ngagunakeun Modél Pangajaran *Think Pair and Share*

Dumasar kana sababaraha aspék anu dipeunteun, hasil kamampuh dina ngadongéng siswa saméméh jeung sanggeus ngalarapkeun modél pangajaran *Think Pair and Share* diasupkeun kana tabel ieu di handap.

**Tabel 3.6**

Kamampuh Ngadongéng Siswa Saméméh jeung Sanggeus Ngalarapkeun Modél Pangajaran *Think Pair and Share*

<b>No</b>	<b>Pre-Test</b>							<b>Post-Test</b>						
	A	B	C	D	E	$\Sigma$	P	A	B	C	D	E	$\Sigma$	P
1														
2														
3														
....														
$\Sigma$														
P														

Keterangan:

A = Lentong

B = Diksi

C = Volume Sora

D = Géstur

E = Penghayatan

$\Sigma$  = Jumlah

P = Peunteun

#### 3.6.2 Uji Sipat Data

Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis kalawan cara ngagunakeun *software SPSS PASW versi 20. Statistical Product and Service Solutions* (SPSS) mangrupa salahajiji program anu digunakeun pikeun mantuan

dina prosés ngolah, ngitung, tur nganalisis data sacara statistik. Nguji sipat data dilakukeun kalawan cara uji normalitas jeung uji hipotésis.

### 3.6.2.1 Uji Normalitas

Sugiyono (2012) nétélakeun yén hiji data anu ngawangun distribusi normal nalika di luhur jeung di handap rata-rata sarua, kitu ogé simpangan bakuna. Ieu panalungtikan uji normalitasna ngagunakeun uji *Shapiro Wilk*. Pikeun nguji hipotésis normalitas data dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

$H_0$  = Data miboga distribusi normal.

$H_1$  = Data miboga distribusi henteu normal.

Uji normalitas dilaksanakeun kalawan cara ngagunakeun uji *Shapiro Wilk*, ku taraf signifikan 95% ( $\alpha=0,05$ ). Kritéria ngujina saperti ieu di handap.

$H_0$  ditarima, saupama nilai sign (signifikansi)  $\geq 0,05$

$H_1$  teu ditarima, saupama nilai sign (signifikansi)  $\leq 0,05$

### 3.6.2.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngagunakeun statistic paramétrik, saupama data distribusi normal. Kitu deui sabalikna, saupama ieu panalungtikan dilaksanakeun ngagunakeun statistic non-paramétrik, lamun data distribusina teu normal. Dina ieu panalungtikan uji hipotésis dilaksanakeun ngagunakeun *t-tes program SPSS PASW versi 20*. Acuan dasar anu dijadikeun dasar dina *t-tes* nyaéta nilai *signifikansi (sign)*. Léngkah anu mimiti kudu dilakukeun dina *t-tes program SPSS PASW versi 20* nyaéta nangtukeun hipotésis saperti ieu di handap.

$H_0$  (Hipotésis nol) = teu aya bédha anu signifikan antara kamampuh ngadongéng siswa kelas X IPS 1 di SMA Negeri 15 Bandung taun ajaran 2021-2022 saméméh jeung sanggeus ngalarapkeun modél pangajaran *Think Pair and Share*.

$H_1$  (Hipotésis alternatif) = aya bedana anu signifikan antara kamampuh ngadongéng siswa kelas X IPS 1 di SMA Negeri 15 Bandung taun ajaran 2021-2022 saméméh jeung

sanggeus ngalarapkeun modé'l pangajaran *Think Pair and Share*.

Dumasar kana hipotésis di luhur, kritéria ngujina saperti ieu di handap.

$H_0$  ditarima atawa  $H_1$  ditolak. Saupama nilai sign (signifikansi)  $\geq 0,05$

$H_1$  ditarima atawa  $H_0$  ditolak. Saupama nilai sign (signifikansi)  $\leq 0,05$

### 3.6.2.3 Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun naha aya bédana antara hasil *pre-test* jeung hasil *post-test*. Ngaliwatan uji gain bakal meunangkeun gambaran ngeunaan pangaruh larapna model *Think Pair and Share* dina pangajaran ngadongéng siswa kelas X IPS 1 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2021-2022. Pikeun nguji gain digunakeun tabel ieu di handap.

<b>No</b>	<b>Nilai</b>		<b>N-Gain Skor</b>	<b>N-Gain Skor Persen</b>
	<b>Pre-Test</b>	<b>Post-Test</b>		

Pikeun nangtukeun N-Gain skor ngagunakeun rumus ieu di handap

$$\text{N-Gain} = \frac{\text{Skor PostTest} - \text{Skor PreTest}}{\text{Skor Ideal} - \text{Skor PreTest}}$$

Nurutkeun Melzer dina (Prabowo et al., 2020) kategori skor gain saperti table ieu di handap.

<b>Nilai N-Gain</b>	<b>Katégori</b>
$g > 0,7$	Luhur
$0,3 \leq g \leq 0,7$	Sedeng
$g < 0,3$	Handap